seedeel naa Yàlla ne set naa wicc ci kenn ci yéen di nekk sama xarit, ndax Yàlla da maa jàpp xarit, niki mu jàppe Ibraahiima xarit

Jële nañu ci Jundub -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Dégg naa Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- muy wax li njëkk juroom i fan laata muy faatu naan: " seedeel naa Yàlla ne set naa wicc ci kenn ci yéen di nekk sama xarit, ndax Yàlla da maa jàpp xarit, niki mu jàppe Ibraahiima xarit, te bu ma doon wut ab xarit ci yéen kon dinaa def Abuu Bakar ab xarit. Yégleen ne ña leen jiitu woon dañu daan jàppe bàmmeeli seeni Yónent ak seen i nit ñu baax ay jàkka, rikk waay! Buleen jàppe bàmmeel yi jàkka, man tere naa leen ko".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónent bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- xibaare Na dayo bi mu am fa Yàlla, ci ne moom àgg na ca gën gaa kaweg daraja ci mbëggeel, kem ni ko Ibraahiima ame woon -yal na ko Yàlla dolli jàmm- , looloo tax mu ne amul benn xarit bu dul Yàlla; ndax xolam dafa fees ci bëgg Yàlla mu kawe mi ak màggal ko ak xam ko, kon keneen ku dul Yàlla xaju fa, Te bu doon am ab xarit ci mbindéef yi Abuu Bakar lay doon -yal na ko Yàlla dollee gërëm-. Mu moytandikuloo jéggi dayo ci néew yi kem ni ko Yahuud yi ak Nasaraan yi defe ci bàmmeeli séen Yónente yi ak ñu baax ñi, ba mujj ñu def ko ay yàllay, di ko jaamu bàyyi Yàlla, ñu tabax ca bàmmeel ya ay jàkka ak i jaamukaay. Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewël ak mucc- tere na aw xeetam ci ñuy def lu mel ni séen jëf ya.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3347